

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1. Kacindekan

Sakumaha anu disebutkeun dina rumusan masalah, ieu panalungtikan téh ngadéskrripsikeun kamampuh ngalarapkeun éjahan dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung. Éjahan anu ditalungtik ngawengku: (1) makéna aksara, (2) nuliskeun aksara, (3) nuliskeun kecap, (4) nuliskeun unsur serepan, jeung (5) ngagunakeun tanda baca.

Dumasar hasil analisis, bisa dicindekkeun yén tina 70 siswa, 7 siswa kaasup katégori hadé pisan (nyaéta no: 5, 6, 10, 11, 22, 30, jeung 37), 23 siswa kaasup kana katégori hadé (nyaéta no: 3, 7, 8, 13, 17, 19, 20, 24, 25, 26, 31, 33, 34, 35, 38, 39, 51, 54, 56, 59, 62, 65, jeung 66), 30 siswa kaasup katégori cukup (nyaéta no: 1, 2, 4, 9, 12, 14, 15, 16, 18, 21, 23, 27, 28, 29, 32, 36, 40, 42, 43, 45, 47, 50, 52, 53, 55, 58, 60, 61, 63, jeung 64), jeung 10 siswa kaasup kana katégori kurang (nyaéta no: 41, 44, 46, 48, 49, 57, 67, 68, 69, jeung 70). Teu kapanggih ayana siswa anu kaasup kana katégori goréng. Jadi naskah anu teu *qualified* aya 14,3%, sésana nyumponan kana 60% ngawasa kamampuh ngalarapkeun éjahan, lamun diperséntasekeun nyaéta 85,7%.

Jumlah kecap dina sakabéh naskah biantara aya 10553 kecap, anu kabagi jadi 3006 makéna aksara, 2555 nuliskeun aksara, 2482 nuliskeun kecap, 565 nuliskeun unsur serepan, jeung 1945 ngagunakeun tanda baca.

Novita Nurul Fauziah, 2012
Kamampuh Ngalarapkeun Ejahan Dina Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Tina 3006 kecap anu kaasup makéna aksara, 2133 kecap anu merenah, 873 kecap anu teu merenah. Tina 2555 kecap anu kaasup nuliskeun aksara, 1970 kecap anu merenah jeung 585 anu teu merenah. Tina 2482 anu kaasup nuliskeun kecap, 2013 kecap anu merenah, 469 anu teu merenah. Tina 565 nuliskeun unsur serepan, 34 anu merenah, 531 kecap anu teu merenah. Tina 1945 ngagunakeun tanda baca, 1547 merenah, 398 anu teu merenah.

- 1) Kamampuh siswa dina makéna aksara nepi ka 71%, kaasup katégori cukup.
- 2) Kamampuh siswa dina nuliskeun aksara nepi ka 77%, kaasup katégori hadé.
- 3) Kamampuh siswa dina nuliskeun kecap nepi ka 71%, kaasup katégori cukup.
- 4) Kamampuh siswa dina nuliskeun unsur serepan nepi ka 6%, kaasup katégori goréng.
- 5) Kamampuh siswa dina ngagunakeun tanda baca nepi ka 80%, kaasup katégori hadé pisan.

Kasalahan siswa dina makéna aksara nyaéta 29%, nuliskeun aksara 23%, nuliskeun kecap 29%, nuliskeun unsur serepan 94%, ngagunakeun tanda baca 20%. Jadi kasalahan anu loba dilakukeun téh nyaéta nuliskeun kecap-kecap basa Indonesia kalawan henteu ditulis saluyu jeung kaédah basa Sunda.

Jadi, dumasar kana hasil panalungtikan, siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung dianggap geus mampuh ngahontal matéri kabasaan anu luyu jeung buku *Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar* basa Sunda SMA, hususna ngeunaan tata basa anu mangrupa éjahan.

Novita Nurul Fauziah, 2012
Kamampuh Ngalarapkeun Ejahan Dina Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

5.2. Rékoméndasi

Merenahna ngalapkeun éjahan dina hiji tulisan téh kalintang pentingna, sabab salah sahiji cara ngajén hiji tulisan téh nyaéta nilik éjahanana. Pangajaran éjahan hadéna diajarkeun di unggal *jenjang* sakola. Sabab kadang kala kasalahan anu dilakukeun dina ngalarapkeun éjahan téh lain lantaran teu apal, tapi poho atawa teu biasa ngalarapkeun sacara bener. Pangajaran éjahan ogé hadéna mah diajarkeun sacara husus atawa copélna mah diselipkeun dina unggal kompéténsi dasar kaparigelan nulis.

Guru ogé bisa mindeng ngingetan siswa utamana ngeunaan éjahan-éjahan anu mindeng dilakukeun ku siswa saperti patukeurna vokal *é*, *e*, jeung *eu*, kasalahan dina ngalarapkeun kecap pangantét, jeung sajabana. Contona aspék anu kurang nyumponan dina ieu panalungtikan nyaéta nuliskeun unsur serepan, ku kituna guru dipiharep bisa ngaronjatkeun éta aspék ku cara méré nyaho kosa kecap basa Sunda sacara leuwih loba.

Siswa dipiharep bisa ngabiasakeun ngagunakeun éjahan anu bener, lantaran ku mindeng digunakeun tangtu bakal mangaruhan kana kamampuh siswa dina ngalarapkeun éjahan.